**Geografiya**

# QARAQALPAQSTANDA EKONOMIKALÍQ HÁM SOCIALLÍQ GEOGRAFIYALÍQ IZERTLEWLER TARIYXÍ HÁM BAǴDARLARÍ

**O.O.Baltabayev –** *doktorant, geografiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*
**U.X.Eshimbetov –** *ekonomika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
**I.A.Atamuratov –** *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** iqtisodiy va ijtimoiy geografiya, ishlab chiqarish kuchlari, geodemografiya, qishloq joylar, aholi o'sishi va joylashishi, nozogeografiya, savdo xizmati, aholi turmush sifati, toponimika, oykonimika.

**Ключевые слова:** экономическая и социальная география, промышленные силы, геодемография, сельская местность, прирост и размещение населения, нозогеография, здравоохранение, качество жизни населения, топонимика, ойконимика.

**Key words:** economic and social geography, industrial forces, geodemography, rural areas, population growth and location, nosogeography, health care, population quality of life, toponymy, oikonymy.

Jańa Ózbekstanda ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq hám sociallıq, siyasiy hám mádeniy tarawlardaǵı reformalar, Jańa Qaraqalpaqstanda da óz kórinisin tawmaqta. Respublikamızdıń hár tárepleme rawajlawında ekonomikalıq hám sociallıq baǵdarlardıń, onıń aymaqlıq shólkemlestiriliwı máselelerin analiz etiwde zamanagóy ekonomikalıq hám sociallıq geografiyanıń ornı úlken.

Ekonomikalıq hám sociallıq geografiya – geografiya pánleri sistemasında insan menen baylanıslı barlıq sociallıq-ekonomikalıq hádiyse hám proceslerdiń aymaqlıq tareplerin úyreniwshi ilimleri esaplanadı. Onıń qáliplesiwi hám rawajlanıwındaǵı áhmiyetli tareplerinen biri sociallıq geografiyalıq izertlewlerdiń bas orayında, birinshi gezekte, insan faktorı jatadı [10:3]. Xalıqtıń jasaw sharayatınıń jaqsılanıwı menen onıń hár túrli xızmetlerge bolǵan talapları da artıp baradı. Mine usı talaplardıń artıp barıwınan kelip shıǵatuǵın xızmet kórsetiw obyektleriniń kelip shıǵıwı, rawajlanıwı da ózgerip baradı. Keyingi jıllarda ekonomikalıq geografiyalıq izertlewlerdiń arasında mine usı tarawlar boyınsha izertlewler alıp barǵan qánigeler kóbeymekte. Házirgi kúnde ekonomikalıq hám sociallıq geografiya qánigeligi boyınsha qorǵalıp atırǵan ilimiy-izertlewlerdiń kópshilik bólimi, sociallıq tarawlar, xalıqqa xızmet kórsetiw geografiyası baǵdarında rawajlandı.

Qaraqalpaqstanda ekonomikalıq hám sociallıq geografiyanı dáslepki izertlewshi, bilimlendiriw tarawınıń pidayısı, Ózbekstan xalıq bilimlendiriw aǵlası, geografiya ilimleriniń doktorı E.Q.Umarov bolıp tabıladı. Ol Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı, transport, xızmet kórsetiw tarawları geografiyası, xalıq hám miynet resursları geografiyası, kompleksli regionlıq izertlewler, óndiris kúshlerin racional jaylastırıw hám basqa tarawlardaǵı ilimiy-izertlewlerdi rawajlandırıwǵa úlken úlesin qosqan. Professor E.Q.Umarov 1964-jılı Ázerbayjan mámleketlik universiteti janındaǵı qánigelestirilgen Ilimiy Keńeste geografiya ilimleriniń doktorı, professor G.A.Kosharyannıń ilimiy basshılıǵında "Xorezm oazisi xojalıǵınıń házirgi jaǵdayı hám onıń rawajlanıw perspektivaları" temasında óziniń kandidatlıq dissertaciyasın qorǵaǵan hám geografiya ilimleriniń kandidatı ilimiy dárejesin alǵan.

E.Q.Umarov dóretiwshilik jolında Qaraqalpaqstanda óndiris kúshleriniń aymaqlıq strukturaların úyreniw menen shuǵıllanadı hám onıń nátiyjesi sıpatında 2003-jılı belgili ekonom-geograf ilimpaz, geografiya ilimlerinińdoktorı, professor A.S.Soliyevtiń ilimiy másláhátshiliginde óziniń "Qaraqalpaqstan Respublikası óndiris kúshleri aymaqlıq quramın jetilistiriw mashqalaları" temasında doktorlıq dissertaciyasın qorǵaǵan. E.Q.Umarovtıń doktorlıq jumısında Qaraqalpaqstan Respublikası kóleminde, óndiris kúshlerin regionlıq jaylastırıw, aymaqlıq óndiris kompleksleriniń qáliplesiwi hám rawajlanıwı, xalıqqa xızmet kórsetiw tarmaqlarınıń rawajlanıwı hám aymaqlıq shólkemlestiriliwi máseleleri hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń keleshekte rawajlanıwında sociallıq tarmaqlar úlken áhmiyetke iye ekenligin aytqan [6].

Sonday-aq, E.Q.Umarov uzaq jıllar dawamında Qaraqalpaqstan Respublikası hám qońsı aymaqlardıń awıl xojalıǵı, sanaatı, transportı, qala hám awıllıq orınlarınıń kompleksli social-ekonomikalıq rawajlanıwı máseleleri, Túslik Aral boyı regionınıń krizisli social-ekonomikalıq sharayatta ekonomikalıq hám sociallıq tarawlardı turaqlı rawajlanıwınıń ilimiy-ámeliy tiykarların islep shıǵıw menen shuǵıllanǵan [8].

Atap aytqanda, E.Q.Umarov tariyxqa Qaraqalpaqstanda ǵana emes, Tómengi Ámiwdárya regionında 11.00.02 – Ekonomikalıq hám sociallıq geografiya qánigeligi boyınsha birinshi ilim doktorı sıpatında kirgen.

Ekonomikalıq geografiyanıń zamanagóy ekonomikalıq hám sociallıq geografiyaǵa aylanıwında xalıqlar geografiyası úlken rol oynaydı. Xalıq (jámiyet) hám onıń sociallıq rawajlanıwınıń aymaqlıq mashqalaların úyreniwshi sociallıq geografiyanıń payda bolıwında xalıqlar geografiyası metodologiyalıq tiykar wazıypasın atqaradı. Házirgi kúnde xalıqlar geografiyasında izertlewlerdiń eki baǵdarı anıq qáliplesken. Bularǵa, birinshiden, xalıqtıń ózin úyreniw hám ekinshiden, xalıq jasaw orınların izertlew kiritiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasında qáliplesken demografiyalıq jaǵday, ásirese, qala hám awıl xalqı miynet resurslarına baylanıslı ekonomikalıq hám sociallıq geografiyalıq, sonday-aq, demografiyalıq mashqalalar analizlengen. Bul baǵdarlar boyınsha da bir qansha ilimiy-izertlewler alıp barılǵan.

Atap aytqanda, geografiya ilimleriniń kandidatı, docent G.A.Xodjaeva 1998-jılı geografiya ilimleriniń doktorı, professor O.B.Ata-Mirzaevtıń ilimiy basshılıǵında "Qaraqalpaqstannıń geodemografiyalıq jaǵdayı hám xalıqtıń rawajlanıwın tártipke salıw" temasında óziniń kandidatlıq dissertaciya jumısın qorǵaǵan hám geografiya ilimleriniń kandidatı ilimiy dárejesin alǵan. Bul izertlew jumısında xalıq sanı, ósiwi hám tarqalıwı, xalıqtıń tábiyiy háreketi, Qaraqalpaqstan xalqınıń urbanizaciyası hám aymaqlıq háreketleri, Qaraqalpaqstanda xalıqtıń rawajlanıwın tártipke salıw mashqalaları hám perspektivaları baǵdarların óz ishine alǵan.

Sonday-aq, G.A.Xodjaevanıń bul izertlewi barısında respublikanıń demografiyalıq tariyxınıń uzaq tariyxıy dáwirlerdegi xalıq dinamikası anıqlanǵan, xalıqtıń tábiyiy háreketiniń ózgeshelikleri úyrenilgen, demografiyalıq minez-qulqtıń zamanagóy ózgeshelikleri hám xalıqtıń jańa reproduktivlik qatnasıqların qáliplestiriw, respublika qalaları hám qala posyolkalarınıń funksional tipologiyası islep shıǵılǵan, respublikada tuwılıw hám shańaraqtı rejelestiriwdi tártipke salıwdıń tiykarǵı jolları belgilengen jáne Qaraqalpaqstannıń demografiyalıq jaǵdayın social-geografiyalıq tárepten úyreniw hám sol tiykarda respublika xalqın sapa tárepinen rawajlandırıwdıń tiykarǵı baǵdarları analizlegen [9]. Bul izertlew jumısı Qaraqalpaqstanda birinshilerden bolıp Qaraqalpaqstan xalqınıń rawajlanıw mashqalaların keń kólemde social-geografiyalıq úyreniw bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstannıń awıllıq orınları xalqı hám miynet resursları máseleleri boyınsha geografiya ilimleriniń kandidatı, docent G.B.Utepova 2002-jılı geografiya ilimleriniń doktorı A.A.Qayumovtıń ilimiy basshılıǵında "Qaraqalpaqstan Respublikası awıllıq orınlarınıń demografiyalıq rawajlanıwı hám miynet resursları mashqalaları" temasında óziniń kandidatlıq dissertaciya jumısın qorǵaǵan hám geografiya ilimleriniń kandidatı ilimiy dárejesin alǵan. Bul izertlew jumısında awıllıq orınlarda miynet resursların analizlewdiń demografiyalıq hám ekonomikalıq geografiyalıq tiykarları, Qaraqalpaqstan Respublikası awıllıq orınlarında miynet resurslarınıń qáliplesiwi hám quramı, sonday-aq, awıllıq orınlarda ekonomikalıq reformalardı jedellestiriw sharayatında xalıqtıń bántlik mashqalaları hám olardı sheshiw jolları boyınsha izertlew alıp barǵan.

G.B.Utepovanıń dissertaciya jumısında birinshi gezekte ǵárezsizlik dáwirinde Qaraqalpaqstan Respublikası awıllıq orınlarında miynet resurslarınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına hám de xalıqtıń jumıs penen bántligine baylanıslı mashqalalardı social-geografiyalıq kózqarastan úyrengen, bazar ekonomikasına ótiw sharayatında miynet resurslarınıń ózine tán aymaqlıq ózgeshelikleri hám demografiyalıq tiykarları anıqlanǵan, awıllıq orınlarda resurslardıń sapa kórsetkishleri belgilengen, miynet resursları háreketi menen xalıq bántligi ortasında bolǵan baylanıslılıq sociologiyalıq izertlew tiykarında analizlengen jáne respublika xalqı hám miynet resursları sanınıń ósiw kórsetkishleri anıqlanǵan [7].

Xalıqlar geografiyası baǵdarı boyınsha geografiya ilimleriniń kandidatı, docent N.J.Embergenov 2011-jılı geografiya ilimleriniń doktorı, professor A.S.Soliyevtıń ilimiy basshılıǵında "Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń ósiwi hám jaylasıwındaǵı ózgerisler" temasında óziniń kandidatlıq dissertaciya jumısın qorǵaǵan hám geografiya ilimleriniń kandidatı ilimiy dárejesin alǵan. Bul izertlew jumısı joqarıdaǵı izertlewlerden parqlı bolıp, ol xalıq sanı ósiwi hám aymaqlıq quramındaǵı ózgerisler, respublikanıń geoekologiyalıq jaǵdayı hám social-ekonomikalıq sharayatı kózqarasınan úyrenilgen, xalıq prognozı arnawlı matematikalıq-statistikalıq usıllar hám de kompyuter dástúrleri tiykarında islep shıǵılǵan.

N.J.Embergenovtıń bul izertlew jumısında demografiyalıq processlerdiń aymaqlıq ózgeshelikleri hám olardı analizlewdiń teoriyalıq-stilistikalıq máseleleri, Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń ósiwi hám aymaqlıq shólkemlestiriwdiń geoekologiyalıq tárepleri, respublika xalqınıń aymaqlıq quramın jetilistiriw mashqalaları kórip shıǵılǵan. Alımnıń izertlewleri nátiyjesinde xalıqtıń aymaqlıq shólkemlestiriliwi hám orınnıń geoekologiyalıq jaǵdayı ortasındaǵı baylanıslılıq ilimiy tiykarlanǵanlıǵın, demoekologiyalıq rayonlastırıw principleri islep shıǵılǵanlıǵın hám Qaraqalpaqstan aymaǵı usı tiykarda rayonlarǵa ajıratılǵanlıǵın kóremiz. Sonday-aq, ekologiyalıq sharayatı tómen regionda xalıqtıń migraciyalıq háreketleri arnawlı sociologiyalıq sorawnama tiykarında úyrenilgen, xalıqtıń jaylasıwı menen awıl xojalıǵınıń tarmaqlar ortasındaǵı nızamlıqlar anıqlanǵan, Qaraqalpaqstan xalqınıń sanı hám aymaqlıq quramınıń ekstrapolyaciya usılı hám Excel dástúri tiykarında 2015 hám 2020-jıllarǵa mólsherlengen kóp variantlı prognozı ámelge asırılǵanlıǵın kóremiz [3].

Qaraqalpaqstan Respublikasında xalıq salamatlıǵın jaqsılaw hám aymaqtı turaqlı rawajlandırıw boyınsha geografiya ilimleriniń doktorı, professor I.R.Turdımambetov 2016-jılı geografiya ilimleriniń doktorı, professor A.S.Soliyevtıń ilimiy másláhátshiliginde "Qaraqalpaqstan Respublikasınıń nozogeografiyalıq jaǵdayın jaqsılawdıń sociallıq-ekonomikalıq ózgeshelikleri" temasında óziniń doktorlıq dissertaciya jumısın qorǵaǵan hám geografiya ilimleriniń doktorı ilimiy dárejesin alǵan. Bunda Qaraqalpaqstanda densawlıqtı saqlaw sistemasın jaqsılaw, rayon, qala hám elatlı punktlerde onıń rawajlanıwın jetilistiriw máseleleri kórilgen. Bul izertlew jumısı nátiyjesinde Qaraqalpaqstan Respublikası medicinalıq-geografiyalıq rayonları kóleminde xalıq kesellikleri hám qorshaǵan ortalıqtıń zıyanlı faktorlarınıń óz ara korrelyasiyalıq baylanıslıǵı anıqlanǵan, málim bir tábiyiy hám ekologiyalıq faktorlardıń xalıq kesellenıw dárejesine tásir etiwiniń zonallıq nızamlıqları hám jergilikli qásiyetleri ashıp berilgen, regionnıń medicinalıq-geografiyalıq jaǵdayın sáwlelendiriwshi nozogeogra-

fiyalıq kartalar islep shıǵılǵan hám Qaraqalpaqstan Respublikası xalıq salamatlıǵın jaqsılaw hám aymaqtıń turaqlı sociallıq rawajlanıwın támiyinlewdiń tiykarǵı baǵdarları anıqlanǵan [5].

Xalıqqa xızmet kórsetiw tarawların aymaqlıq shólkemlestiriw hám olardıń iskerlik dárejesin keńeytiw búgingi kúnniń aktual social-ekonomikalıq máselesi esaplanadı. Respublikamız geografları tárepinen xalıqqa xızmet kórsetiw tarawları geografiyası boyınsha túrli baǵdarlarda alıp barılǵan izertlew jumısları bar.

Respublikamızda xalıqqa sawda xızmetlerin kórsetiw geografiyası baǵdarında izertlewler alıp barǵan geografiya ilimleriniń kandidatı, docent G.A.Bekbulatova bolıp, ol 1998-jılı geografiya ilimleriniń kandidatı, úlken ilimiy xızmetker Sh.A.Azimovtıń ilimiy basshılıǵında "Xalıqqa sawda xızmetin kórsetiwdi rawajlandırıwdıń geografiyalıq aspektleri (Qaraqalpaqstan Respublikası mısalında)" temasında óziniń kandidatlıq dissertaciyasın qorǵaǵan hám geografiya ilimleriniń kandidatı ilimiy dárejesin alǵan. G.A.Bekbulatovanıń izertlewlerinde xalıqqa sawda xızmetin rawajlandırıw hám jaylastırıwdıń tiykarǵı faktorları, bazar sharayatında sawda xızmetleriniń jaǵdayı, xalıqqa sawda xızmeti tarawın jetilistiriw mashqalaları hám jolların óz ishine aladı. Bul dissertaciyada sawda kárxanaların zamanagóy shólkemlestiriw hám jaylastırıwdı rawajlandırıw faktorların analizlew tiykarında Qaraqalpaqstan xalqına sawda xızmetlerin kórsetiw tarawın aymaqlıq shólkemlestiriw hám rawajlandırıwdı jetilistiriw boyınsha usınıslar islep shıǵılǵan.

Sonday-aq, avtor tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikası xalqı mútájlikleriniń sawda xızmetleri tarawın rawajlandırıwǵa tásirleri úyrenilgen, sawda xızmetleri tarawın jaylastırıwǵa tásir etiwshi tiykarǵı faktorlardı anıqlawda, sawda tarmaǵın aymaqlıq shólkemlestiriwdiń zamanaǵóy tendenciyaların anıqlaw, sonıń menen birge, ekonomikalıq hám sociallıq jaǵdaydı esapqa alǵan halda regionda sawda xızmetlerin kórsetiw obyektlerin aqılǵa muwapıq jaylastırıw boyınsha ilimiy tiykarlanǵan usınıslar berilgen [2].

Respublikamızda xalıqtıń turmıs sapasın jaqsılaw, aymaqlardı sociallıq-ekonomikalıq tárepten jáne de rawajlandırıw boyınsha bir qansha reformalar ámelge asırılıp, jaqsı nátiyjelerge erisilmekte. Buǵan baylanıslı, social geografiyalıq izertlewlerden biri geografiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) M.O.Oteuliev 2022-jılı geografiya ilimleriniń doktorı, professor I.R.Turdımambetovtıń ilimiy basshılıǵında "Xalıq turmıs sapasınıń aymaqlıq ayırmashılıqları (Qaraqalpaqstan Respublikası mısalında)" temasında dissertaciya jumısın qorǵaǵan hám geografiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) ilimiy dárejesin alǵan.

Bul izertlew jumısında Qaraqalpaqstan Respublikası administrativlik-aymaqlıq birliklerinde xalıqtıń turmıs sapasınıń aymaqlıq ayırmashılıqları hám mashqalaların anıqlaw hám de aymaqlardaǵı sociallıq jaǵdaydı jaqsılawdıń tiykarǵı baǵdarları úyrenilgen. Izertlew nátiyjesinde birinshi márte ıssılıq, suwıqlıq, qurǵaqshılıq hám keskinlik indeksleri kórsetkishleri járdeminde tábiyiy klimat sharayatınıń xalıq jasawı ushın qolaylıǵı administrativlik-aymaqlıq birlikler kesiminde (Qaraqalpaqstan Respublikası rayonları hám Nókis qalası mısalında) bahalanǵan hám Qaraqalpaqstan Respublikası quramındaǵı 16 rayon hám de respublikaǵa boysınıwshı Nókis qalasındaǵı xalıqtıń turmıs sapası salıstırmalı princıpı tiykarında region boyınsha ortasha kórsetkishler menen salıstırǵan halda komponentli (social-demografiyalıq, tábiyiy-ekologiyalıq ekonomikalıq hám social-infrastrukturalıq) hám integral (komplekslik) túrde bahalanıp, respublika aymaǵı xalqınıń turmıs sapası sheńberinde rayonlastırılǵan. Jumısta izertlewshi xalıqtıń turmıs sapasın 4 baǵdar – social-demografiyalıq, tábiyiy-ekologiyalıq ekonomikalıq sharayat hám sociallıq infrastruktura rawajlanǵanlıǵı menen úyrenilgen [4].

Qaraqalpaqstan Respublikasında aymaqlardıń toponimiyası, tiykarınan xalıq jasaw orınları atamaları, yaǵnıy oykonimlerdi social-geografiyalıq aspektte izertlew jumısları O.Baltabayev tárepinen alıp barılǵan. Ol 2022-jılı geografiya ilimleriniń doktorı, professor I.R.Turdımambetovtıń ilimiy basshılıǵında "Qaraqalpaqstan Respublikası oykonimleriniń social-geografiyalıq analizi" temasında geografiya ilimleri boyınsha dissertaciya jumısın qorǵaǵan hám geografiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD) ilimiy dárejesin alǵan.

O.O.Baltabayevtıń izertlewlerinde Qaraqalpaqstan Respublikası hám onıń quramındaǵı administrativlik-aymaqlıq birlikleri oykonimiyası (jámi 1151 orın ataması)nıń spektral-stratigrafiyalıq (til), leksika-semantikalıq (mazmun), hám sóz jasalıwı boyınsha (topoterminologiyalıq) quramı muǵdarlıq jaqtan analizlenip, bul boyınsha aymaqlıq ózgeshelikler hám oǵan tásir etiwshi social-geografiyalıq faktorlar anıqlanǵan, birinshi márte Qaraqalpaqstan oykonimiyası til, leksika-semantikalıq hám de topoterminologiyalıq quramındaǵı ishki ayırmashılıqlardıń kompleks analizi tiykarında respublikanıń eki basqıshlı (2 rayon hám 7 kishi rayon) oykonimikalıq rayonlastırıw sxeması islep shıǵılǵan hám GAT texnologiyaların paydalanǵan halda, Qaraqalpaqstan oykonimiyası til, leksika-semantikalıq, topoterminologiyalıq hám xronologiyalıq (payda bolıw dáwiri) quramı hám de respublikanıń oykonimikalıq rayonlastırıw sxeması sáwlelengen toponimikalıq kartalardıń toplamı islep shıǵılǵan.

Sonday-aq, O.O.Baltabayev tárepinen dáslepki márte aymaqlıq oykonimikalıq sistema atamasına túsinik berilip, onıń quramı hám qáliplesiw faktorları kórsetip berilgen. Avtor toponimikalıq miyras túsinigin ilimge kirgizgen hám onıń kriteriyaların islep shıǵıp, Qaraqalpaqstan Respublikası oykonimleriniń dáslepki toponimikalıq miyras sıpatında usınılǵan reyestrin islep shıqqan [1].

Juwmaqlap aytqanda, Qaraqalpaqstanda ekonomikalıq hám sociallıq geografiyanıń izertleniwi hár túrli baǵdarlarda alıp barılǵanlıǵın yaǵnıy óndiris tarawları boyınsha, xalıqtıń demografiyalıq jaǵdayı hám miynet resursları, xalıq keselleniwiniń aymaqlıq ózgeshelikleri, sawda xızmetleri, xalıq turmıs sapasın

jaqsılaw, toponimika, tiykarınan, oykonimlerdi izertlew baǵdarları boyınsha ilimiy-izertlewler alıp barılǵan. Bazı baǵdarlarda ásirese, tábiyiy resurslar, turizm hám rekreaciya, qala hám xalıq jasaw orınların kompleks social-ekonomikalıq rawajlandırıw, xalıqqa xızmet kórsetiw tarawları boyınsha ekonomikalıq hám sociallıq kózqarastan az izertlewler alıp barılǵanlıǵın kóremiz. Sonday-aq, házirgi kúndegi xalıqtıń social-ekonomikalıq jaǵdayın jaqsılaw, xalıqtıń bántligin támiyinlew boyınsha, kishi isbilermenlikti rawajlandırıw, suw mashqalasın sheshiw boyınsha ilimiy-izertlewler ele de tereń alıp barıw kerekligin kórsek boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Балтабаев О.О. Қорақалпоғистон Республикаси ойконимларининг ижтимоий-географик таҳлили. География фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) диссертацияси автореферати. – Самарқанд: 2022.
2. Бекбулатова Г.А. Географические аспекты развития торгового обслуживания населения (по материалам Республики Каракалпакстан). – дис. ... канд. геогр. наук. – Ташкент: 1998.
3. Ембергенов Н.Ж. Қорақалпоғистон Республикаси аҳолисининг ўсиши ва жойланишидаги ўзгаришлар. Геогр. фан. номз.… дисс. – Тошкент: 2011.
4. Отеулиев М.О. Аҳоли турмуш сифатининг ҳудудий тафовутлари (Қорақалпоғистон Республикаси мисолида. География фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) диссертацияси автореферати. – Самарқанд: 2022.
5. Турдымамбетов И.Р. Социально-экономические особенности улучшения нозогеографической ситуации Республики Каракалпакстан. Дисс. ... док. геогр. наук. – Ташкент: 2016.
6. Умаров Е.К. Қорақалпоғистон Республикаси ишлаб чиқариш кучлари ҳудудий таркибини такомиллаштириш муаммолари. Геогр. фан. док. дисс. … автореферати. – Т.: 2003.
7. Утепова Г.Б. Қорақалпоғистон Республикаси қишлоқ жойларининг демографик ривожланиши ва меҳнат ресурслари муаммолари. Геогр. фан. номз.… дисс. – Тошкент: 2002.
8. Федерко В.Н., Қурбонов Ш.Б. Умаров Е. (1938-2019). Биобиблиографиялық мағлыўматнама. – Т.: «Ishonchli hamkor», 2021.
9. Ходжаева Г.А. Геодемографическая ситуация и регулирование развития населения Каракалпакстана. Дисс. ... канд. геогр. наук. – Ташкент: 1998.
10. Soliyev A.S., Komilova N.K., Yanchuk S.L., Jumaxanov Sh.Z., Rajabov F.T. Iqtisodiy va ijtimoiy geografiya. Darslik. – T.: «Universitet», 2019.



**REZYUME.** Maqolada Qoraqalpogʻistonda iqtisodiy va ijtimoiy geografik tadqiqotlar tarixi va yoʻnalishlari oʻrganilgan. Shuningdek, respublikamizda iqtisodiy va ijtimoiy geografiyaning turli yoʻnalishlarida olib borilgan ilmiy-tadqiqot ishlari tahlilga tortilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются история и направления экономико-социально-географических исследований в Каракалпакстане. Также к анализу были привлечены научно-исследовательские работы, проводимые в нашей республике по различным направлениям экономической и социальной географии.

**SUMMARY.** The article explores the history and directions of economic and social geographical research in Karakalpakstan. Also, the research work carried out in different directions of economic and social geography in our republic has been subjected to analysis.


## QASHQADARYO VILOYATI HUDUDI ATMOSFERA HAVOSINING Oʻ‘ZGARISHI VA ULARNING OLDINI OLISH CHORA-TADBIRLARI


**M.G.Nazarov** – *geografiya fanlari boʻyicha falsafa doktori, dotsent*

*Qarshi davlat universiteti*



**Tayanch soʻzlar:** antropogen landshaft, atrof muhit, ekologik xavf, geoekologik holat, atmosfera havosi, landshaft.

**Ключевые слова:** антропогенный ландшафт, окружающая среда, экологический риск, геоэкологическая ситуация, атмосферный воздух, ландшафт.

**Key words**: anthropogenic landscape, environment, ecological risk, geoecological situation, atmospheric air, landscape.


**Kirish.** Dunyo boʻyicha global ekologik muammolardan avj olmoqda, uning jadal rivojlanib borishi aholi sonining uzluksiz koʻpayishi va shunga bogʻliq holda landshaftlarga antropogen taʼsirning oshib borishi bilan bogʻliq boʻlgan geotizimlarning barqaror rivojlanishi va oʻzgarishi aniqlash, geotizimlarning inson taʼsirida oʻzgarishi natijasida yangi antropogen modifikatsiyalangan landshaftlarni vujudga kelish sabab oqibatlarini aniqlash, shuningdek, ularda vujudga kelgan ekologik vaziyatlarni baholash va optimallashtirish juda muhim masalalardan hisoblanadi. Bu muammolarga qarshi kurashishga xalqaro tashkilotlar katta eʼtibor bermoqda.

**Asosiy qism.** Inson oʻzi uchun tabiatda mavjud boʻlmagan, lekin hayot faoliyati uchun zarur boʻlgan mahsulotlarni yaratish uchun turli xil ochiq texnologik jarayonlarni yaratadi va undan foydalanadi. Ushbu jarayonlarning yakuniy mahsulotlari va chiqindilari aksariyat hollarda boshqa texnologik sikllarni vujudga kelishi uchun manba boʻladi va tabiiy atrof-muhit holatini yomonlashtiradi [2:10-25]. Insoniyat tirik va jonsiz tabiatni ularning evolyutsion tiklanishidan koʻra